# Akò Paran/Gadyen ak Elèv pou Tès LAS Links a Distans lan

Mèsi dèske w ap ede nou teste pitit ou a. N ap mande w pou w li epi siyen Akò Paran/Gadyen ak Elèv sa a pou Tès LAS Links a Distans lan. Pitit ou a pral fè tès LAS Links lan pou montre li kapab pale, konprann, li, ak ekri angle. Li enpòtan pou pitit ou a fè tès la poukont li. Lè nou siyen dokiman sa a, ni ou ni pitit ou a dakò suiv règ yo pandan tout tan n ap fè tès la.

**Akò Paran/Gadyen an:**

Pitit mwen an pral fè evalyasyon LAS Links lan a distans. Objektif tès sa a se ede pwofesè pitit mwen an konprann kisa pitit mwen an konnen nan angle ak planifye ankadreman ak ansèyman pou pi devan. Poutèt sa, mwen dakò li enpòtan pou pitit mwen an fini tès sa a poukont li.

| M ap: | Mwen p ap: |
|---|---|
| ☐ Verifye pitit mwen an gen yon òdinatè pou itilize pandan tès la avèk koneksyon entènèt | ☐ Gen ni mizik ni televizyon pandan tès la |
| ☐ Mete pitit mwen an yon kote pezib pou li fè tès la | ☐ Ede pitit mwen an reponn ankenn kesyon |
| ☐ Ede pitit mwen an si li pa kapab konekte sou tès la | ☐ Li ankenn kesyon ni repons tès |
| ☐ Verifye pitit mwen an fè tès la san ni telefòn, ni diksyonè, ni diksyonè analojik, ni korektè òtograf | ☐ Kite **pèsonn** ni kopye, ni fè foto, ni anrejistre kesyon oswa repons tès la |

**Akò Elèv a:**

| M ap: | Mwen p ap: |
|---|---|
| ☐ Fè lemye mwen kapab nan tès sa, menm si li difisil | ☐ Sèvi ak telefòn ni gen ankenn lòt aparèy toupre mwen |
| ☐ Koute pwofesè k ap bay tès la epi suiv enstriksyon yo | ☐ Mande ni paran mwen ni lòt moun pou yo ede m avèk kesyon tès la |
| ☐ Mande pwofesè k ap bay tès la si mwen gen kesyon oswa si mwen bezwen èd | |
| ☐ Chita dirèkteman devan kamera ki sou òdinatè mwen an, nan yon zòn byen klere, pou pwofesè k ap bay tès la kapab toujou wè figi mwen ak espas travay mwen an | |
| ☐ Mande pwofesè a otorizasyon pou mwen fè yon ti sispann tès la si mwen bezwen pran yon ti repo oswa al nan twalèt | |

Mwen li ak konprann Akò Paran/Gadyen ak Elèv la pou Tès LAS Links a Distans lan, e mwen dakò suiv règ sa yo.

Siyati Elèv la

Siyati Paran/Gadyen an

Dat

Dat